CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९४

१९।१०।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## नेपालमे कोभिड - १९ विरुद्धके खोपके उपलब्धता आ तैयारी

जम्मा उपलब्ध खोपके डोज
**१० लाख**

पहिल चरणमे खोप पाबवलाके जनसंख्या
**४ लाख ३० हजार**

पहिल चरणके खोप लगालेबके समय
**१० दिन**

पहिल मात्रा खोप लेने आदमीर्क
**दोस्रो मात्रा २८ दिनके बाद**
देल जेतै

**३००**
खोप केन्द्र

*खोप लक्षित समुहके मात्रे भेटल सुनिश्चित कर सरकार प्रत्येक दिन विवरण सार्वजनिक कलरहल छै ।*

स्रोत: https://cutt.ly/Ckiy7QF https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2284

## नेपाल अपडेट


सेवा प्रवाहमे अबेर भेलै कहिक मालपोत कार्यालय सुर्खेतमे सेवाग्राहीके नाराबाजीसहित प्रदर्शन ।

चित्रः दिनेश गौतम

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २०,५७,०६९

पोजेटिभ: २,७०,३७५

उपचाररत: ५,३०६

मृत्यु : २020

सन्चो भएका : २,६५,०६९




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



नेपालमे कोभिड - १९ विरुद्धके खोप लगेने आदमीसभ बिमार पैर रहल छै कहिक समाचार आबिरहल छै, अई सँ बादमे बेसी प्रभाव त नै पारतै ?

कोभिड - १९ विरुद्धके खोप लगेलाके बाद किछ आदमीसभमे सामान्य असर देखाएल छै । जेना कि खोप लगेने जगह पर दुखेनाई आ सामान्य फुलनाई, माथ दुखेनाई, आलस्य लगनाई, देह दुखेनाई, जोडसभ सामान्य दुखेनाई, शरीर ठण्ढा भेल महसुस भेनाई, सामान्य बोखार एनाई आ मन मचलनाई जेहन सामान्य असर सभ देखाईतो किछ समयबाद ठिक भेल छै । खोप लगेने आदमीसभमे अखनतक कोनो गम्भीर असरसभ नै देखाएल छै । कोनो असर देखेलापर ओकर व्यवस्थापनके लेल चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मीके समूह दवाई सहित परिचालन करके तैयारी केने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/Ckiy7QF



सरकार वैदेशिक रोजगारीमे जायवला कामदारके स्वास्थ्य जाँच करवला बहुते स्वास्थ्य संस्थाके खारिज केने छै त ?

प्रत्येक आर्थिक वर्षके पुष अन्त्यके भितर वैदेशिक रोजगारीमे जायवला कामदारके स्वास्थ्य परीक्षण करवला स्वास्थ्य संस्थाके नविकरण करके चाही । एना नविकरण नै केने १० टा स्वास्थ्य संस्थाके सूचिकरण खारिज कएलगेल छै । आब उप्रान्त एहन स्वास्थ्य संस्था वैदेशिक रोजगारीमे जायवला आदमीके स्वास्थ्य परीक्षण कर अयोग्य ठहरतै । कोन कोन स्वास्थ्य संस्थाके सूचिकरण खारिज भेलै कहिक निचाके लिंकमे देखल जालसकैछै ।

स्रोत: http://moless.gov.np/?p=3858



लैंगिक हिंसा पीडितके सरकार नि:शुल्क ईलाज करतै कहादन । कि एहन सेवा सब अस्पतालमे भेटै छै ?

सरकार लक्षित वर्गके बिमारके आर्थिक अवस्थाके मुल्यांकन कलक देशके ४४ टा अस्पतालसँ नि:शुल्क या सहुलियतमे ईलाज करके व्यवस्था मिलाएल गेल छै । अईमे सेहो लैंगिक हिंसा पीडितके लेकिन सम्बन्धित अस्पतालमे उपलब्ध होबवला सब सेवासभ पूर्ण रुपसँ नि:शुल्क देबके व्यवस्था सरकार केने छै । प्रदेश अनुसार ऊ सेवा सञ्चालन करवला अस्पतालके सूची निचा देलगेल लिंकमे जालक देखल जालसकैत अछि ।

स्रोत: https://cutt.ly/6kiQc3M



अखन राजनीतिक नारा जुलुस त चैल रहल छै । कि राजनीतिक कार्यकर्ताके स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड अपनाब नै परतै ?

निर्वाचनके मिति घोषणा भेला संगे राजनीतिक भीडभाड होबके जोखिम बढल छै । अईबातके मध्यनजर कलक जमघट, आमसभा, जुलुस, गोष्ठि लगाएतके भीडभाड जेहन गतिविधी करकाल अनिवार्य स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड पालना कर परत कहल गेल छै । एकर नियमन करके जिम्मेवारी स्थानीय प्रशासनके तोकने छै । लेकिन, एकर कार्यान्वयन भेल नै देखाईत छै । जँ केकरो नियम विपरित भेल लगलापर सम्बन्धित स्थानीय प्रशासनमे शिकायत दर्ता कराब सकैछी ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2288

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगनियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,६८,०७४ संक्रमित | १,६५,२५७ संक्रमित | १०३,०५७ संक्रमित | १,५१,३३५ संक्रमित | ३०६,३३९ संक्रमित | १,३४,५२४ संक्रमित | २१४,९५९ संक्रमित | ७८,५०८ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## खाडीके देशसभमे विमानस्थल प्रयोग सम्बन्धी नयाँ नियमसभ

### कुवेत

आबवला जुन महिनाके एक तारिख सँ कुवेत अन्तरराष्ट्रिय विमानस्थल कुवेत विमानस्थलसँ जायवला यात्रीसभके लेल ३ दिनार आ कुवेत आबवला यात्रीसभके लेल २ दिनार सेवा शुल्क लेब लागल छै । से बात कुवेतस्थित आवास मामिला राज्यमन्त्री आ सेवा मामिला राज्यमन्त्री डा. अब्दुल्लाह माराफीद्वारा जारी कएलगेल विज्ञप्ति मार्फत जानकारीमे आएल छै ।

### साउदी अरब

दमाम एयरपोर्टमे आबसँ एयरपोर्ट प्रयोग केने एबजमे ३ रियाल शुल्क तिर परत ।

### यूएई

- ईमिरेट्स एयरलाईन्स्के अनुसार आबसँ दुबई आबवला यात्रीके ७२ घण्टाके पिसिआर नेगेटीभ रिपोर्ट आन परत । पहिले ई ९६ घण्टाके नेगेटीभ रिपोर्ट आन परैछलै ।
- आरो ईमिरेट्स्सँ अबुधावी जायवला प्रत्येक आदमीके आब पिसीआर नेगेटिभ रिपोर्ट अपन अल-होज्न मोबाईल Pk -Al-Hosn Mobile App_ मे सेहो देखाब परत । पहिले सँ अल-होज्न मोबाईल एप राखहे परत कहितो, आब ई नियम एलाके बाद आरो जरुरी भेल छै ।

### ओमन:

कोरोना भाईरसके संक्रमणसँ बच्नके लेल जनवरी २८ सँ कार्यान्वित हेतै तेना क सामाजिक जमघट पूर्ण रुपसँ निषेध कएलगेल छै । जँ अई सम्बन्धी आरो किछ जानकारी चाहि त ओमान स्थित नेपाली दुतावासके हटलाईन टेलिफोन नंम्बर ७११५९२४९० मे सम्पर्क कर सकैछी ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# कृषि व्यवसायके लेल सरकार देब कहने अनुदान नै भेटला सँ विदेश जायके लेल बाध्य




वीरेन्द्रनगर नगरपालिका वडा नं. ७ के ३० वर्षिय बलिराज पाण्डे युवा कृषक छैथ । व्यवसायमे बहुते रुची भेल हुनका लगानीके कमी सँ व्यवसायमे दिक्कत भेलै । कर्णाली प्रदेश सरकार अनुदान देब कहलाके बाद ऊ तीन वर्ष पहिले २४ कठ्ठा जमिन किरायामे लळक तरकारी खेती शुरु केलैथ । लेकिन ,अनुदानके उम्मीद सँ कर्जा लळक तरकारी व्यवसाय शुरु केने हुनका अनुदान नै भेटलै ।

अनुदान नै भेटलाके बाद एकदिस कर्जाके ब्याज तिरके विवशता, त दोसरदिस तरकारी फर्ममे बीज जन्मेनाई, मल, दवाई तथा आरो लगानी करमे दिक्कत भेलै । स्वदेशमे पसिना बहाक व्यवसाय करके मन होईतो कहल अनुसार अनुदान नै भेटलाके कारण ऊ विदेश जायके लेल विवश भेल । अखन ऊ वैदेशिक रोजगारीके क्रममे दुवई मे छैथ । बन्दाबन्दीके समयमे स्वदेश फिर्ता आएल ऊ ७ महिनो नै टिक सकल । घरपरिवारसँगे रहिक व्यवसाय करके मन होईतो घर तथा व्यवसायसँ भेल कर्जा तिर, आरो पैसा कमालक घरपरिवार पाल तथा व्यवसायके आगु बढेनाई होईतो हुनका विदेशमे रहके विवशता छै ।

ऊ कहैत छैथ,"प्रदेश सरकार वास्तविक किसानके नै चिन्हैत छै । दलालीके पैसा आ पहुँचके हिसाब सँ अनुदान वितरण होईत छै । हमरासभसन्के के चिन्हतै ? गाँममे रहिक कृषि उद्यम करके मन छल । लेकिन लगानी नै जुटल । अपने कमाईयो कल होई तैयो व्यवसाय कलक छोइके सोच सँ विदेश आएल छी ।" हुनकर घरवाली सावित्रा अधिकारीके नाम सँ सञ्चालित आरुषि कृषि फर्म अखन हुनकर घरवाली सावित्रा आ बाबुजी कृष्णप्रसाद पाण्डे चलारहल छथिन ।

तीन वर्षपहिले कोबी लगालक शुरु केने फर्ममे अखन आलु, करैला, खिरा, बोरी, टमाटर लगाएत सब प्रकारके तरकारी फरैत छै । तीन प्रतिशत ब्याजमे करिब तीन लाख कर्जा लळक व्यवसाय शुरु केने फर्ममे अखनतक ६ लाख खर्च भळचूकल छै ।

बलिराजके बाबुजी कृष्णप्रसाद कहैत छैथ,"किसानके लेल सरकार देब कहने अनुदान पहुँचके आधारमे देल जाईत छै । जे लगातार काम करैत छै तेकरा अनुदान नै भेटैत छै । मन्त्रालय जाईत रहवला आ अनुदान पावके लेल मात्रे फर्म दर्ता करवला, लेकिन काम नै करवला नकली किसान फाईदा लैत छै । नै त हमर बेटाके अनुदानके उम्मीद देखाक विदेश जायके लेल विवश नै कैरतै ।" ऊ अपने सेहो क्षेत्रिय कृषि निर्देशनालयके अवकास प्राप्त कृषि प्राविधिक छैथ । वितल वर्ष प्रदेश सरकार एक लाख तीस हजार अनुदान सहयोग करब कहलाके बाद अपन लगानीमे प्लाष्टिकके सुरंग आ आरो कृषि औजार किनने हुनका अन्तमे भुक्तानी नै भेटलै ।

घोषणामे सीमित, जैविक उत्पाद प्रदेशमे रसायनिक तरकारी भारतसँ आनल जाईत छै । एतके जैविक उत्पादके दाम नै भेटैत छै । प्रदेश सरकार अईमे रुची नै देखेने छै । लगानी नै जुटलाके बाद कर्जा लळक व्यवसाय शुरु केने बलिराजके परिवार जहिना कर्णालीमे हजारो किसानसभ कठिनाईमे छैथ । अई दिस सम्बन्धित निकायके ध्यान जेनाई जरुरी छै ।

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## अनिल सेन ठकुरी

जनस्वास्थ्य निरीक्षक, कोहलपुर नगरपालिका, बाँके

"कोभिडके हमसभ चूनौती सँ बेसी, ई हमरासभके कर्तव्य छै तै रुपमे लेलौ आ एकरा पराजित करमे सेहो सफल भेलौ । आब कोहलपुर नगरपालिकाके स्वास्थ्यकर्मीसभ सबके कोभिड विरुद्धके खोप लगाचुकल छी । नागरिकसभके सेहो अखन कोभिडके बारेमे बहुते सचेत भलचुकल छैथ । कोभिडके लक्षण देखाएल आदमीसभके हमसभ नि:शुल्क जाँच कलरहल छी । कोरोनाके असर धिरे धिरे घटैत गेलापर, हमरासभके कामके भार कम होईत गेल छै । अखन कोभिड महामारीके असर कम होईतो हमरासभके अपनासभके करवला कर्तव्य लगातार निर्वाह कलरहल छी । "

## दिपक शर्मा

ल्याब असिसटेन्ट, कोहलपुर नगरपालिका, बाँके

"कोरोनाके शुरुवाती अवस्था सँ बाँके जिलामे अग्रपंक्तिमे खैटक हम काम केलौ । शुरुवाती समयमे कोभिडके व्यवस्थापन केनाई एकदमे चूनौती छलै । हम आ हमर २ कोई सहकर्मी मिलक २८,००० कोईके स्वाब जम्मा केलौ । हम स्वास्थ्यकर्मीएसभ त्रसित भलक घरमे रहब त जनताके के देखत कहिक हमर परिवारके सम्झेलौ । सात महिना त बाहरे रहिक काम केलौ । ओई समयमे हम उत्कृष्ट काम केने अनुभुति भेला सँ बहुते खुशी छी । "





## सन्तोष वुढा क्षेत्री

मेडिकल अधिकृत, कोभिड अस्थायी अस्पताल, कोहलपुर, बाँके

"कम जनशक्ति आ कम स्रोत साधनमे से हमसभ काम केलौ । दोहरा काम सेहो केलौ । कोभिडके शुरुवातीके समयमे पिपिइके अभाव छलै, मुह ढकनीके अभाव छलै । एकेटा मुह ढकनी प्रयोग कलक हमसभ २/३ दिन तक काम केलौ । घर एलापर डर सँ बेसी जनताके बचेनाई हमरासभके दायित्व छलै । लेकिन, स्वास्थ्यकर्मी सँ कोरोना लागत कहिक समुदाय सेहो खराब व्यवहार करलक त नै निक लगैत छल । विशेष कलक घर किराया मे ललक रहवला स्वास्थ्यकर्मीके बेसी दिक्कत भेल छलै । बहुते समस्या आ चूनौतीके बावजुद सेहो हमसभ अपन काम सँ हतोत्साहित नै भेलौ । परिणामस्वरुप अखन अवस्था किछ सामान्य भेल छै । "

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती तालिका



## रेडियो कार्यक्रम पद्धती
### संरचना सबैका लागि

| प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती | गण्डकी | लुम्बिनी | कर्णाली | सुदूरपश्चिम |
|---|---|---|---|---|---|---|
| सप्तकोशी एफएम | रेडियो जनकपुर | हेटौडा एफएम | अन्नपूर्ण एफएम | बुटवल एफएम | प्रदेश एफएम | दिनेश एफएम |
| हरेक मंगलबार बिहान ७:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:०० बजे | हरेक मंगलबार बिहान ७:३० बजे | हरेक आइतबार बिहान ८:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:३० बजे | हरेक सोमबार बिहान ७:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:०० बजे |
| पुन: प्रसारण हरेक बिहिबार बेलुका ७:०० बजे | पुन: प्रसारण हरेक बुधबार बिहान ७:०० बजे | पुन: प्रसारण हरेक बुधबार बेलुका ७:३० बजे | पुन: प्रसारण हरेक मंगलबार बेलुका ७:१५ बजे | पुन: प्रसारण हरेक सोमबार बेलुका ७:३० बजे | पुन: प्रसारण हरेक मंगलबार दिउँसो २:१५ बजे | पुन: प्रसारण हरेक आइतबार बेलुका ९:०० बजे |

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs